

Sipleman pou Prevansyon Pwoblèm Sanzabri ak Degèpisman Fanmi (Family Homelessness & Eviction Prevention Supplement, FHEPS) Fèy Enfòmasyon (Haitian Creole)

Kisa FHEPS ye?

FHEPS se yon sipleman lwaye pou fanmi k ap resevwa Èd Lajan Kach (Cash Assistance, CA) **epi** yo te mete yo deyò oswa yo gen risk pou yo mete yo deyò nan kay yo, oswa yo te pèdi kay yo paske yo te gen yon pwoblèm vyolans nan kay. Fanmi ki te pèdi kay yo paske te gen pwoblèm sante oswa sekirite oswa akòz yon te sèten desizyon tribinal ka resevwa FHEPS tou.

Ou ka itilize FHEPS pou rete nan kay ou, pou demenaje anndan Vil New York, oswa pou soti nan chèltè si ou te deja pèdi kay ou.

Si ou kalifye pou FHEPS, FHEPS ap peye yon pati nan lwaye ou a dirèkteman bay pwopriyetè kay ou a. Peman FHEPS la vin ajoute sou pati alokasyon pou chèltè ou jwenn pou dosye CA ou a.

Si oumenm oswa yon moun ou pataje apatman ou oswa kay ou ak li gen revni, ou ka oblije peye yon pati nan lwaye a oumenm.

Kijan m ap fè konnen si mwen kalifye pou FHEPS?

Pou kalifye pou FHEPS fanmi ou dwe gen yon timoun ki poko gen 18 lane, yon timoun ki poko gen 19 lane ki enskri a plen tan nan lekòl segondè oswa nan yon pwogram pwofesyonèl oswa teknik, oswa yon fanm ansent **EPI** ou dwe swa gen yon dosye aktif CA **OSWA**, si ou nan chèltè, ou dwe kalifye pou CA apre ou kite chèltè a. Ou dwe satisfè **YOUN** nan kondisyon sa yo tou:

- Ou nan chèltè Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA).
- Ou nan chèltè Depatman Sèvis Sanzabri (Department of Homeless Services, DHS) epi ou kalifye pou chèltè HRA.
- Ou nan yon chèltè DHS epi yo te degèpi ou nan NYC nenpòt moman nan ane a avan ou te antre nan chèltè a.
- Kounye a ou nan pwosesis pou yo degèpi ou nan NYC oswa yo te degèpi ou* nan NYC nan 12 dènye mwa ki sot pase yo.

***Degèpi ka vle di:**

- *Yon pwosedi degèpisman kont oumenm oswa moun ki sou kontra-lwaye kay ou a.*
- *Yon aksyon sezi pou bilding oswa kay ou.*
- *Yon detèminasyon yon ajans Minisipal decide ki di ou dwe kite bilding ou oswa kay ou poutèt rezon sante ak / oswa sekirite.*

Pandan konbyen tan mwen kapab jwenn FHEPS?

Fanmi ki kalifye yo ka jwenn FHEPS pou jiska senk (5) ane. Ou ka aplike pou yon pwolongasyon FHEPS si ou toujou bezwen èd. Fanmi ou dwe satisfè tout kondisyon kalifikasyon yo epi pwouve ou gen yon bon rezon pou bezwen yon pwolongasyon.

Kijan mwen pral konnen konbyen FHEPS pral peye pwopriyetè mwen an ak konbyen mwen pral bezwen peye?

Kantite sipleman lwaye FHEPS yon kay pral depann sou revni kay ou a ak kantite moun ki nan kay ou. Y ap decide kantite a lè yo apwouve aplikasyon FHEPS ou an.

Gen anpil fanmi tout lwaye yo kouvri ak FHEPS ak alokasyon CA yo. Men, gen de (2) eksepsyon enpòtan kote ou menm ak yon moun lakay ou ka bezwen peye yon pati nan lwaye nou an:

- Si yon moun lakay ou resevwa CA epi li gen revni, tankou nan yon travay.
- Si gen yon moun lakay ou ki pa oblije nan dosye CA ou a tankou yon moun ki resevwa SSI.

W ap oblije peye pwopriyetè ou diferans ant sa HRA peye a ak ak montan lwaye ou a.

Kijan pou mwen konnen ki gwosè apatman pou mwen chèche?

FHEPS baze sou yon Lwaye Maksimòm, pa yon gwosè apatman. Jeneralman Lwaye Maksimòm lan pral montan sou tablo ki anba a (kèk eksepsyon aplike):

Table Lwaye Maksimòm Pwogram [‡] FHEPS					(apatide oktòb 2019)
Kantite moun kay la	1	2	3	4	5
Pri Lwaye Maksimòm	\$1,265	\$1,323	\$1,580	\$1,580	\$2,040
Kantite moun kay la	6	7	8	9	10
Pri Lwaye Maksimòm	\$2,040	\$2,291	\$2,291	\$2,639	\$2,639
[‡] Lwaye maksimòm sa yo disponib pou fanmi k ap itilize FHEPS pou yo demenaje nan yon nouvo apatman. Lwaye maksimòm ki disponib nan ka pi ba pou fanmi ki itilize FHEPS pou kenbe apatman yo.					

Tanpri sonje mèt kay yo pa gen pèmisyon pou yo fè ou peye okenn frè ki pa sa ki endike legalman nan kontra lwaye a. Ou pa dwe dakò pou okenn akò sou kote epitou yo ta dwe rele HRA nan **311** oswa **929-221-0043** pou di nou si yo ta fè nenpòt demann konsa.

Ou dwe rete nan kay ou jwenn nan pou omwen 12 mwa. Yon akò oswa yon kontra lwaye alekri ki di ou ka viv nan kay la pou 12 mwa an plis obligatwa lè ou aplike. Tout kontra lwaye yo se ant oumenm ak mèt kay ou. Vil la pa yon pati nan kontra lwaye a.

Èske mwen ka rete nan apatman mwen ap viv la si mwen dwe lwaye ki pa peye?

Pou resevwa peman pou lwaye ki poko peye, ki pafwa rele "aryere lwaye" tou, ou dwe kapab rete nan apatman w lan pou omwen 12 mwa anplis epi ou dwe gen yon kontra lwaye oswa yon akò alekri nan men mèt kay la.

Yo ka bay yon peman FHEPS pou jiska \$9,000 pou yon fanmi ki kalifye pou peye pòsyon fanmi an nan pri lwaye ki poko peye pou nenpòt ki peryòd tan fanmi an te rete nan apatman an. Fanmi ou pa oblije lokatè ki nan dosye a premye fwa yo te dwe lwaye a. Si yo fè yon demann pou yon peman ki plis pase \$9,000, y ap konsidere li ka pa ka.

Ki lòt bagay mwen bezwen konnen konsènan FHEPS?

HRA bezwen konnen chanjman nan dosye w la. Chanjman yo **ka ogmante oswa diminye** sipleman lwaye FHEPS la.

Ou **sipoze** mete HRA okouran si **nenpòt** nan bagay sa yo rive:

- Pri lwaye ou chanje.
- Pwopriyetè a oswa moun ou peye lwaye a chanje.
- Kijan moun ki nan dosye CA ou a chanje (pa egzanp, si gen yon nouvo bebe nan kay la).
- Revni moun k ap viv nan apatman an chanje.

Epitou, si yon moun nan kay la pa fè sa HRA mande epi yo sanksyone li, montan sipleman FHEPS ou a ka chanje.**

***Lè yo sanksyone yon moun nan kay la, sibvansyon CA ak alokasyon chèltè nan la ap pi ba. Si gen yon sanksyon, sipleman FHEPS ou a pral pi ba tou. Ou pral bezwen peye montan alokasyon chèltè sa ak sipleman FHEPS yo bese a dirèkteman bay pwopriyetè kay ou a toutotan nou gen sanksyon an.*

Montan sipleman lwaye FHEPS la **ap sispann** si **youn** nan bagay sa yo rive:

- Fanmi ou pa gen yon dosye CA.
- Fanmi an pa gen yon timoun ki gen laj 18 tan **oswa** yon timoun ki poko gen laj 19 ane ki se yon elèv atanplen epi ki ale nan yon lekòl segondè atanplen, oswa nan nivo ekivalan fòmasyon pwofesyonèl oswa teknik.

Ou dwe mete mete HRA okouran nenpòt chanjman nan 10 jou. Chanjman sa yo kapab chanje montan alokasyon chèltè ou a, avantaj FHEPS ou, oswa kalifikasyon ou pou FHEPS.

Mwen panse mwen kalifye pou FHEPS, kisa pou m fè?

Si ou pa nan yon chèltè epi ou gen risk pou degèpisman oswa pou vin sanzabri, ou ka rele **311** pou jwenn yon founisè FHEPS.

Si ou nan yon chèltè, founisè FHEPS ou oswa espesyalis lojman / kowòdonatè dosye ou eksplike FHEPS ak plis detay epi yo pral ede w chèche yon apatman.

Fanmi ki nan chèltè ki apwouve pou FHEPS yo ka kalifye pou resevwa yon alokasyon pou mèb. Ou ta dwe travay avèk kowòdonatè dosye ou pou fè aranjman pou ede ou demenaje. Pwopriyetè yo ap resevwa yon mwa lwaye konplè ak yon sipleman pou twa (3) mwa lwaye davans. Pwopriyetè yo ap resevwa yon bon (kosyon) sekirite tou.

Mwen gen yon apatman FHEPS deja, men mwen bezwen èd. Ki moun mwen ka rele?

Fanmi ki gen risk pou degèpisman oswa ki kite yon chèltè DHS epi bezwen sipò ka rele **311** oswa **929-221-0043** pou jwenn biwo prevansyon pwoblèm sanzabri Homepage lokal yo.

Fanmi ki kite yon chèltè HRA dwe rele **929-221-7270** pou yo konekte ak pwogram lokal ki pa rezidansyèl nan kominote a.

Enfòmasyon ki nan deskripsyon pwogram sa a bay yon apèsi jeneral sou pwogram sipleman lwaye FHEPS la. Enfòmasyon yo pa la pou bay tout detay konsènan fonksyonman pwogram nan.